Рэмэдан мазэм и 27-нэ жэщращ ***къэдэр жэщыр (пейлатуль кадр)*** икIи ар псом нэхъ рэ нэхъ лъапIэщ. Мы гъэм ар хуоз1э щыщхэлъм и 3-мрэ 4-мрэ (щхьэтымрэ тхьэмахуэмрэ) щызэблэкIым. А жэщым Мухьэммэд бегьымбарым Къурlэным и ятэ Iэятхэр кьыIэрыхьащ. Алыхьым къыбгъэдэкIри. «Къэщыгъэм и жэщыр мазэ минхэм нэхъ нэхъ лъапIэщ! Алыхьым и фIыгъэкIэ мелыбычэмрэ Джибрэилрэ дунейм кьытохьэ, унафэ ящIыну» *(97-нэ суруз)*. Къэдэр жэщым дэтхэнэ зы цIыхуми адэкIэ кьиГъэщIэнум теухуауэ, абы нэмэз ищIа иужькIэ зыщIэлъэIуахэмрэ дыуэхэмрэ ельытауэ, Алыхьталэм унафэ хуеущ. А жэщым умыжейуэ Тхьэ уельэIумэ, нэмэз пщIымэ, Къурlэн уеджэмэ нэхъыфIщ.

Хьид махуэшхуэр лъапIэщ, нэщIыр езыгъэкIа дэтхэнэ зы мусльымэным дежкIи. ЗыщыIэнигъэмрэ зыгъэмэжжIэныгъэмрэ еухуи, сытыми дежи ущышхэ, псы ущефэ хьуну зэманыр къоС. Абы щыгъуэми мусльымэнхэм зыщIагъэгъупщэн хуейкъым Iэмал зимыIэ нэгъуэщI зы Iэхуигъуи - ***бытыр сэдэкъэр***. Ар зыхуэфIэкI дэтхэнэ зы унагъуэми къулейсхэм тыгъэ щахуищIапхъэ пIапIэращ икIи нэщIым и иужьрей махуэхэм хьидым и пэ къихуэу я1т. Бытырыр кьабгъэдэкIыну я кьалэнщ унагъуэм щIэс дэтхэнэми, я ныбжьым емыльытагъэ.

Пасэрей зэманым бытыру цIыху хъэс итыну гуэдз килограмм щырыщ хуэдиз хъун кьалъысу щытащ. Абы и фIыгъэкIэ кьулейсызхэм ильэс псом яхурикъун шхын хуэзхуахьэсырт. КIуэ гъэтми, ар ахъшэкIэ зэрахъэжкIыжу щIэдзащ икIи абы и куэдагъэр зытращIыхьыр гуэдзым бззэрым щуиасэращ. ***Мы гъэми бытырыр цIыху къэс хуэзэу тумэнитху мэхъу. Зи узынщагъэм къымытIасэу мынэщIыфхэм, иужькIэ ар япшынымкIыну я къарум къимытъэмыз, Рэмэдан мазэм и махуэ къэс хуэзэу тумэн пщIырипщI щхьэщатекIынущ.*** Ахъшэ нэхъыбэ птыхукIэ, дауи, нэхъ псапэжщ. Мухьэммэд бегьымбарым жиIаш: «Нэщ1ыр щIыпIэмрэ уафэрэ я зэхуакум дагъэщ. Абы къыхым и пщылым бытырыр итыу». А псалъэхэм яужькIэ бытыр сэдэкъэр фарзу (Iэмал имыIэу гъэзэщIэн хуейуэ) кьэпытапхъэщ.

Хьидым и япэ пщэдджыжьым мусльымэнхэр, пщэдджыжьым и пэ кхьиуэу, мэжджытым макIэри Iимамым и гъусэу нэмэз лъапIэ ящI, нэщIым теухуа уаз йодаIэу.

Унагъуэ къэс шхыныгъуэ Iэфlэхэр, гурыхьэхэр щапщэфI, нэхъыщIэхэр кIэуэрэ нэхъыжьэм йокъуэхьу, я нэщIыр кьабгъэтыну, узынщагъэ я1эну. НэщlикIыж хьидыр махуищкIэ йокIуэкI.

Ди хьэр зыхэлъым ди Iэр телъбэу, Iиман дбгъэдлъу икIи дыуэныншэу етIанэгъэ пIапIэ Алыхьым дынинэс! Рэмэдан мазэ лъапIэм и фIыгъуэр Тхьэм кьыптIыгъэс!

Зы унафэм зэрыщIэтырщ диныр зыгъэлъэщыр

● Ущие

Мазэм я нэхъ лъапIэм, Къурlэныр кьыщехам, гуэныхьхэр куэду щагъэгъум, псапэхэр щыбагъуэм, духьэхэр нэхъ кьабыл щыхьум нобэ дыхэтщ. Ахэр къызыгурыIуэу, зыхэт фlыгъуэри зыхэзыщIэу, нэгъэсауэ къэзыгъэсэбэпым и насыпщ, ауэ нобэ щхьэхьинагъыр зытезыгъакIуэу, зэманыр зыгъэкIуэдыр насыпышIэщ.

МУСЛЬЫМЭНХЭР фIыуэ зэрыльагъухэу, зэрыльытэхэу, зэрыIыгъхэу зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэ мэдан мазэр. Мы дунейм мусльымэну тетым пщэдджыжьым щэращ яшхыу, махуэм нэщI ису, пщыхьэщхьэм хэщхьэжу, жэщым турыхь нэмэз ящIу мазэр зэрекIуэкIым кьегъэлъагъуэ ахэр зы Iумэту Алыхьым зэрыбгъэдэтхэр.

Ежьа иужькIэ мис апхуэдэу дахэу йокIуэкI нэщI мазэр, ауэ пэщIэдзэмрэ кIэухьымрэ егъэлеяуэ мыдахэ куэд ди Iуэхум къыщыхьхьэ щыIэщ. Утыкум юкъэрыхь фитнэр зыфIэфIэхэр, мусльымэнхэр эжьауэдмэ, гуп-гуп иращыкIмэ нэхъ къэзыщтэхэр, дыззэкъэутыныр, зыуэ дыщытыныр зыфIэмыфIэхэр. Апхуэдэхэм лъэпкъ спор бзэлъхь хадзэ, жэмыхьэтыр гуитIщхьитI ящI, зэкъуэзщхэр зыр адрейм хукIэщIэплъу къагьанэ.

Псалъэмакъым и къежьапIэр мазэм и къэунэхуIэраш. А Iуэхум екъэлIауэ щIэныгъэлIхэм я бгъэдыхьэкIэр щыIэтемыхуэ «нобэ сыхэшхэнци, иужькIэ сыпшынысжынщ», жыпIэу пкъутэ кIасэу мазэр къэунэхуауэ жеIэри, Рэмэданыр къыщихьэжкIэ зыщIыгъэ Iуэхугъуэ зэмыIэужьыгъуэхэр щекIуэкIынущ.

Нэщ1 мазэр икIыукIэ «Рэмэданым и пщыIэм» нэщIахэр щыхагъэщхьажьынущ, Кьыщынэмыщ1ауэ, абы щэнхабзэ-хуэщIыныгъэ Iуэхугъуэ зэмыIэужьыгъуэхэр щекIуэкIынущ.

Нэщ1 мазэр икIыукIэ «Рэмэданым и пщыIэм» щыхьэщIыфынущ дэтхэнэ зы мусльымэнри, ислъамым и щэнхабзэм нэхъ кууэу зыщIызыгъэгъуэзэну хуейхэри.

Урысей Федерацим и Муфтийхэм я советымрэ Мэзкуу кьалэм и Правительствэмрэ мы Iуэхугъуэфlыр илъэсий хъуауэ кьызэрагъэпэщ. Абы кьекIуалIэхэм я бжьыгъэ кIуэ Iэтэм нэхъыбэ мэхъу.

«Рэмэданым и пщыIэхэр» къэралым и нэгъуэщI щIыпIэ куэдми щыIэщ. Мы гъэм абыхэм кьахэхъуащ Екатеринбургрэ Саратоврэ кьыщызэIуахэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрми илъэс зыбжанэ хъуауэ хабзэфIу щокIуэкI нэщIахэр хэбзэфIу щокIуэжьынкIэ. Кьапщтэмэ, Надыщк дэт Мэждджыт нэхъыщхьэм Рэмэданым и пщыIэхъущхьэ къэс цIыху 300-м нэс щIэнэщу щыхагъэщхьэж.

● Псапэ

Топджэгум кIуахэр хагъэщхьэж

Урысей Федерацим футболымкIэ и премьер-лигэм ехьулIэныгъэкIэ щыдэжгу Мэхъэчкъалэ и «Анжи» футбол командэм нэщI яIыгъыу и зэIущIэхэм кьакIуэхэр хегъэщхьэж.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 14-м «Анжи-арена» стадионым хэгъэрейхэм Мэзкуу и «Локомотив»-м щыдрагъэкIуэкIа мыгъэрей зэхьэзэхуэм и пщIэдэз зэIущIэм и кIуэуэр хэщхьэжьым ирихьэлIащ. Нэщ1ыца псоми хуагъэшIын папщIэ «Анжи» футбол клубым псы птулькIэ мин 20-рэ чыцIыбжьэ (финик) гъэгъуа килограмм 300-рэ (ахэращ нэщIыр ирипкъутэну нэхъ псапэу кьалытэр) пщIэншэу хуагъэшащ.

Мусльымэн минхэм нэмэз зэдащI.

● ЗыуэзэщIыныгъэ

«Рэмэданым и пщыIэхэр»

Мэзкуу и мэджыт нэхъыщхьэм и пщIантIэм бадзэуэгъуэм и 31-м щыщIэдзауэ «Рэмэданым и пщыIэхэр» къыщыхъэIуах.

АР ХАБЗЭ хьуа Iуэхугъуэщ. Пщыхьэщхьэ къэс «Рэмэданым и пщыIэм» нэщIахэр щыхагъэщхьажьынущ, Кьыщынэмыщ1ауэ, абы щэнхабзэ-хуэщIыныгъэ Iуэхугъуэ зэмыIэужьыгъуэхэр щекIуэкIынущ.

Нэщ1 мазэр икIыукIэ «Рэмэданым и пщыIэм» щыхьэщIыфынущ дэтхэнэ зы мусльымэнри, ислъамым и щэнхабзэм нэхъ кууэу зыщIызыгъэгъуэзэну хуейхэри.

Урысей Федерацим и Муфтийхэм я советымрэ Мэзкуу кьалэм и Правительствэмрэ мы Iуэхугъуэфlыр илъэсий хъуауэ кьызэрагъэпэщ. Абы кьекIуалIэхэм я бжьыгъэ кIуэ Iэтэм нэхъыбэ мэхъу.

«Рэмэданым и пщыIэхэр» къэралым и нэгъуэщI щIыпIэ куэдми щыIэщ. Мы гъэм абыхэм кьахэхъуащ Екатеринбургрэ Саратоврэ кьыщызэIуахэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрми илъэс зыбжанэ хъуауэ хабзэфIу щокIуэкI нэщIахэр хэбзэфIу щокIуэжьынкIэ. Кьапщтэмэ, Надыщк дэт Мэждджыт нэхъыщхьэм Рэмэданым и пщыIэхъущхьэ къэс цIыху 300-м нэс щIэнэщу щыхагъэщхьэж.

● «Кхъужьей хадэм»

Сабийхэр яущий

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Емкъуж Анзор сабийхэм зыщагъэпсэху «Кхъужьей хадэ» санаторэм цIыкIуэхэм щаIущIащ.

ИЛЪЭСИ 8-м щыщIэдзауэ 15-м нэс я ныбжьу санаторэм зыщызыгъэпсэху Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дагъыстэным, Шэшэным щыщ сабийхэр хуабжьу яфIэгъэщIэгъуэну едэIуащ Емкъуж Анзор иригъэкIуэкIа псалъэмакъым. Ар зэпкърыхауэ цIыкIуэхэм яхутепсэльыхьащ адэ-анэм пщIэ хуащIын зэрыхуейм, нэмэз зэращI, нэщI зэраIыгъ щIыкIэм, фадэмрэ наркотикымрэ я зэранигъэм, нэгъэщI Iуэху щхьэпэ куэдми. КъищынэмыщIауэ, Емкъужым сабийхэм я упщIэ куэдым жэуап яритащ.

Зэщхьэгъусэхэр зэбгъэдагъэкIыжыркъым

● Щапхъэ

Палестинэм и шэрихьэт судхэм зэщхьэгъусэхэр зэрызэбгъэдэкIыжамкIэ щыхьэт тхыльхэр Рэмэдан мазэ лъапIэм кьриубыдэу ятыркъым.

ПАЛЕСТИНЭ къэралыгъуэм и шэрихьэт судхэм я Iэтащхьэ Идеис Юзеф апхуэдэ унафэ кьищтащ нэщI мазэм и пэ кьикуэу. Адрей илъэсхэми абы тетынущ.

Унафэр кьащтэным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ нэгъабэ и Рэмэдан мазэм зэбгъэдэкIыжа зэщхьэгъусэхэм я бжьыгъэм хуэдиз щыIэ. Пщэдджыжь нэмэзым кьыщыщIэдзауэ ахьшэм уахьтыр кьихьэхукIэ псы зэремыфам, зэрымышхэм, диным кьигъэуэ нэгъуэщI кьалэм ткIийхэр зэрагъэзащIэм языныкъуэхэр тэмакъкIэщI щищI щыIэщ икIи унагъуэхэр щызэтекъутэ къохьу. Абы щыгъуэми, унагъуэр ислъамым нэхъ игъэлъапIэ дыдэхэм ящыщщ. Ар хъума хьун папщIэщ цIыхухэр нэщI мазэм зэбгъэдэкIыжыну хуимыту Палестинэм унафэ кьыщIищтар.

Шыщхьэ1ум и нэмэз щ1ыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщIэщIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Къуэмыдж	Жаркъэр
1, махуэку	4.24	5.54	13.22	17.22	20.29	22.09
2, мэрем	4.25	5.55	13.22	17.21	20.27	22.07
3, щэбэт	4.26	5.56	13.22	17.21	20.26	22.06
4, тхьэмахуэ	4.27	5.57	13.22	17.20	20.25	22.05
5, блыщхьэ	4.29	5.59	13.22	17.20	20.24	22.04
6, гъубж	4.30	6.00	13.22	17.19	20.22	22.02
7, бэрэжьей	4.31	6.01	13.22	17.19	20.21	22.01
8, махуэку	4.32	6.02	13.22	17.18	20.20	22.00
9, мэрем	4.33	6.03	13.21	17.18	20.18	21.58
10, щэбэт	4.34	6.04	13.21	17.17	20.17	21.57
11, тхьэмахуэ	4.35	6.05	13.21	17.16	20.15	21.55
12, блыщхьэ	4.36	6.06	13.21	17.16	20.14	21.54
13, гъубж	4.37	6.07	13.21	17.15	20.13	21.53
14, бэрэжьей	4.38	6.08	13.21	17.14	20.11	21.51
15, махуэку	4.40	6.10	13.21	17.14	20.10	21.50
16, мэрем	4.41	6.11	13.20	17.13	20.08	21.48
17, щэбэт	4.42	6.12	13.20	17.12	20.07	21.47
18, тхьэмахуэ	4.43	6.13	13.20	17.11	20.05	21.45
19, блыщхьэ	4.44	6.14	13.20	17.11	20.03	21.43
20, гъубж	4.45	6.15	13.19	17.10	20.02	21.42
21, бэрэжьей	4.46	6.16	13.19	17.09	20.00	21.40
22, махуэку	4.47	6.17	13.19	17.08	19.59	21.39
23, мэрем	4.48	6.18	13.19	17.07	19.57	21.37
24, щэбэт	4.50	6.20	13.18	17.06	19.55	21.35
25, тхьэмахуэ	4.51	6.21	13.18	17.06	19.54	21.34
26, блыщхьэ	4.52	6.22	13.18	17.05	19.52	21.32
27, гъубж	4.53	6.23	13.18	17.04	19.50	21.30
28, бэрэжьей	4.54	6.24	13.17	17.03	19.49	21.29
29, махуэку	4.55	6.25	13.17	17.02	19.47	21.27
30, мэрем	4.56	6.26	13.17	17.01	19.45	21.25
31, щэбэт	4.57	6.27	13.16	17.00	19.43	21.23

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.



● Фильм

Къурlэным дэщIыгъуу

Франджым къыщыгъэлъэгъуэн щIадзащ «Къурlэным дэщIыгъуу» телесериалыр.

НЭЩIЫМ и япэ махуэхэм щегъэжьауэ «Дарифтон оф Компани» франджы псапащIэ гупым къэралым къыщызэриГъэпащащ «Къурlэным дэщIыгъуу» серие куэд хъу фильмым и къэгъэлъэгъуэныгъэр. Мы къэралым и мусльымэнхэм ялэ дыдэу Iэмал яГуэтащ зэрахь диным и купщIэр, абы и мыхьэнэр франджыбзэкIэ утыку кърахьэну.

«Къурlэным дэщIыгъуу» фильмыр серие 30 мэхъу икIи нэщIым и кIыхьагъкIэ пщыхьэщхьэ къэс яГуэлъэгъуэ. Тхыгъэ лъапIэм топсэльыхь дунейм и щIыпIэ куэдым щыщу абы фIы дыдэу хэзыщIыкIэр.

«Къурlэныр гукIэ зэрагъэщIэну мусльымэн куэд щIохьэпс. Ар хуабжьу лэжьыгъэ гупъуд икIи зэбгъэхъулIэн папщIэ фIэщхъуныгъэ лъагэ, зыщыIэныгъэ ин, лIыгъэ къызэрымыкIуэ, ерыщагъыщхъэ пхэпльэн хуейщ, - жаIэ фильмыр кьызэзыгъэпэщахэм. - Абы щхьэкIэ къэмынэу, Къурlэным и зы напэкIуэцI нэхъ мыхъуми, махуэ къэс гукIэ зрагъэщIэну дунейм щыпсэу цIыху мелуанэхэр хущIокIу».

● Псалъэ

Тепщэгъуэ

Бадзэуэгъуэм и 31-м щыщIэдзауэ «Рэмэданым и пщыIэхэр» къыщыхъэIуах.

Мэзкуу и мэджыт нэхъыщхьэм и пщIантIэм бадзэуэгъуэм и 31-м щыщIэдзауэ «Рэмэданым и пщыIэхэр» къыщыхъэIуах.

Мэзкуу и мэджыт нэхъыщхьэм и пщIантIэм бадзэуэгъуэм и 31-м щыщIэдзауэ «Рэмэданым и пщыIэхэр» къыщыхъэIуах.

Мэзкуу и мэджыт нэхъыщхьэм и пщIантIэм бадзэуэгъуэм и 31-м щыщIэдзауэ «Рэмэданым и пщыIэхэр» къыщыхъэIуах.

Мэзкуу и мэджыт нэхъыщхьэм и пщIантIэм бадзэуэгъуэм и 31-м щыщIэдзауэ «Рэмэданым и пщыIэхэр» къыщыхъэIуах.

● Гъуазджэ

«Благъуэмрэ Фениксымрэ» Налшык щагъэлъагъуэ

Ди газетым зэрыстатещ, Налшык и Лъэпкъ музеим къыщыдзэ-Іуахащ «Дракон и Феникс в искусстве Востока» зыфІаща гъэлъэгъуэныгъэр.

БЛАГЪУЭМ и гъэр къыщиихьэм ирихьэлІэу, Москва дэт КъуэкІыпІэ къэрал музеим 2012 гъэм япэу щагъэлъагъуэ мы выставкэр Мейкъуапэ, Черкесск, Тимашевск, нэгъуэщІ къалъэмкІ щыІащ. Къыхэгъэщыпхъэщ ар куэдым ягу зэрырихьаяр. Иджы чэзур Налшык къыльысащ.

Благъуэмрэ фениксымрэ теуухуа хъыбар, шыпсэ зыбжанэ Вьетнамым ижь-ижьыж дежащ. Ар ящыщ ІуэкІ. Хъыбархэм къызэрыхэщымкІэ, благъуэм зэфІэкІышхуэхэр иІэщ, дамэ теткъым, ауэ мэльэтэф. Ар сытым дежи зыхуей щытыкІэм йоуэфэ, хьэкІэжъхуэкІэ е цІыху зыхуощІ, зыми къамылъагъуэи зегъэпщкІуф. Вьетнамым и макъамэ Іэмэпсымэхэр, уиэльащІэхэр, дэкІуеипІэхэр, нэгъуэщІ хьэпшыпхэр благъуэмрэ фениксымрэ я сурэтхэмкІэ ягъэщІэращІэ. Тепльэгъуэу нэхъыбэрэ узрихьэлІэхэм ящыщ «пшэм зыщызыгъэпщкІу благъуэр», «дзыгъуэ къэзмылъэтмхьымрэ благъуэмрэ», «благъуэ дъатэмрэ феникс къафэмрэ». Хабзэ хъууэ, фениксым и образыр къагъэлъагъуэ и жьэм тхылъ жьэдэлъу, щІэныгъэм екъуІэныгъэ щаІэным и дамыгъэщ ар. ИтІанэ, бгым къыщыкІ удз гъэгъа Іэрамэхэм яхэту урохьэлІэ, мамырыгъэм, беягъэм и нэщэнэу.

Къэбгъэлъагъуэмэ, нэхъапэм Китайм и хъращ ныпым благъуэшхуэ тету щытащ. Иджыри Китайм и тхылъхэм благъуэ тету урохьэлІэ, ар я лъэпкъ дамыгъэу зэрыщытым и нэщэнэу.

Благъуэмрэ фениксымрэ зытет, фарфоры, ятІэ гъэжьам, пхъэм, мывэм, щэкІым къыхэщІыкІа хьэпшып зэхуэмыдэхэмкІэ (хьэкъущыкъу, Іэщэ, алэрыбгъу, щыгъын) Китайм, Японием, Кореем, Вьетнамым, Азие Курытымрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ я деж щытепщэ дамыгъэхэр къагъэлъагъуащ. Утыку крахьахэм яхэтщ гъуазджэм и фІыпІэм, лъагапІэм нэса хьэпшып гъэщІэгъуэн куэд.

Льэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** зэрыхьэр къыщыІуихым, къыхигъэщащ благъуэм епха хъыбар куэд «Нарт» ІуэрыІуатэмэ зэрыхэтыр. Абы жиІащ Москва дэт КъуэкІыпІэ къэрал музейм и гъэтІылъыгъэхэр дяпэкІи Налшык щагъэлъагъуэну зэригуапэр.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Карчаевэ Іэминат** республикэм исхэр мы гъэлъагъуэныгъэм зэрыпэплъар жиІа нэужь, КъуэкІыпІэ къэрал музейм и унафэщІ **Седов Александр**, абы и къуэдзэ **Рагинский Николай** сымэ мы хьэпшыпхэр къыхэрашам папщІэ КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкІыу фІыщІэ яхуищІащ.

КъБР-м и Сурэтыщхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий** и псалъэм къыхигъэщащ Къуэкіыпіэ къэрал музейм зэпыщІэныгъэфІ зэрыхуаІэр, абы дяпэкІи зрагъэужьыну, республикэм и гъуазджэ хьугъуэфІыгъуэхэр къалащхьэм щагъэльэгъуэну зэригуапэр.

- Москва дэт музейм къраша хьэпшып гъэщІэгъуэнхэм Японием, Китайм, Вьетнамым, Азием и нэгъуэщІ къэралхэм кьадекІуэкІ дамыгъэхэм теухуауэ къуэд къыбжаІэ. Гъэльэгъуэныгъэр къэзышхэм фІыщІэ фхузощІ республикэм и гъуазджэм и лэжьакІуэхэм къабгъэдэкІыу, дахагъэм, гуапагъэм укъыхуэцыджэ мы хьэпшыпхэм дазэрыхэвгъэпльам папщІэ, жиІащ Темыркъан Геннадий.

УФ-м и цІыхубэ сурэтыщІ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и дауреат, Художествэхэмкі Урысей Академием и член-корреспондент, ЩІДАА-м и академик, Красноярск гъуазджэхэмкІэ и институтым кэшлографиемкІэ и студиер къыщызэхьэтэщ икІи абы и унафэщІ **Пащты Герман** жиІащ Москва дэт Къуэкіыпіэ къэрал музейм щІэлъ хьэпшыпхэм щыщ зы Іыхьэ ди щІыналъэм исхэм зэралъэгъуар узыщыгуфІыкІын Іуэхугъуэу зэрыщытыр. Герман къызэрыхигъэщІамкІэ, Японием, Китайм, Вьетнамым, Кореи, нэгъуэщІ къэралхэм я гъуазджэ къулей КъуэкІыпІэ музейм щызэхуэхьэса псом зыщыбгъэгъуэзэн папщІэ Москва зыбжанэрэ укІуэн хуейщ.

Седов Александр зэхыхьэм зыкърезыхьэлІахэм, гъэльэгъуэныгъэм псалъэ гуапэ хужьзыІахэм фІыщІэ яхуищІащ.

- Выставкэм и фІэщыгъэр къыщыхэтхами щхьэусыгъуэ иІащ. Ар Японием, Китайм, Вьетнамым, Кореем, Азием и нэгъуэщІ къэралхэм я щэнхабзэм, тхыдэм благъуэмрэ фениксымрэ мыхьэнэшхуэ зэрыщагъэщІэрыщ. Илъэс щэ бжыгъэ зыбжанэкІэ уэлІэбэкІыжмэ, Кавказымрэ Кореемрэ я лъэпкъхэр зэгъуэнэгъуу псэуащ, зэныщІэныгъэхэр яІэу, я бзэм зэщхь гъэрхэри хэльу. Ар къэтхьыгъэри, мы гъэльэгъуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэтщащ, - жиІащ абы. - Мы хьэпшыпхэм уакІэльыпльмэ, гу лъыботэ Кавказым и гъуазджэм пыщІэныгъэ зэрыхуаІэм. Ди музейм и къудамэ Мейкъуапэ щыІэщ. Мы щІыналъэм ди къэпшыпхэр япэу къэтшауэ аращи, махуэ тхуэхъуну, едгъэжьа Іуэхум дяпэкІи пытщэну, дызэдэлэжьэну ди гуапэщ.

Рагинский Николай гъэльэгъуэныгъэм хэтхэм фІыщІэ яхуищІри, Москва дэт КъуэкІыпІэ къэрал музейм иригъэблэгъащ. Абы къыхигъэщащ республикэм и дахагъэм, и щІыуэпс къулейм зэритхьэкъуар, къалэм зыщапІыхьыну икІи зыщагъэпсэхуну къызэрытрагъэзэнур.

Накуэ Феликс УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ я министрхэм фІыщІэ яхуищІащ, гъэльэгъуэныгъэр ящыщ ящыщхэм зэрыщрагъэкІуэкІым папщІэ.

Выставкэр щыщхьэІум и кІэух пщІондэ екІуэкІынуц. Абы епхыну гукъыдэж зиІэхэр Льэпкъ музейм пщІэншэу щІыхьэну Іэмал яІэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **БЕКУЗАР Юлие** *трихащ.*

Правоохранительными органами Кабардино-Балкарской Республики за совершение преступлений террористического и экстремистского характера разыскиваются 29 жителей КБР, находящихся в международном и федеральном розыске

УМВД РФ по г.Нальчик - 7

1. Джангуразов Хаким Муратович, 20. 12. 1977 г.р., КБР, п. Хасанья, пер. Майский, д. 13. В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик

2. Кушхов Мурат Баширович, 17. 04. 1977 г.р., КБР, п. Кенже, ул. Катханова, 66. В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор УМВД России по г. Нальчик.

3. Техажев Залимхан Мухамедович, 04. 10. 1981 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Гагарина, 170/127. В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик.

4. Мурзабеков Заурбек Мухамедович, 07. 08. 1977 г. р., КБР, г. Нальчик, ул. Кирова, д. 331, кор. 13. кв. 38. В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик.

5. Абидов Замир Амдулахович, 27. 08. 1972 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Шалушкинская, д.1, общ. В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по гор. Нальчик.

6. Сижажев Ахмед Олегович, 10. 04. 1982 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Карашаева, 102-А. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска УМВД России по г.Нальчик.

7. Табухов Иноят Усманович, 20. 10. 1988 г. р. КБР, г. Нальчик ул Московская, д.3 кв. 114. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска УМВД РФ по г.Нальчик

МО МВД России «Баксанский» - 7

8. Касаев Артур Мухамедович, 28. 04. 1975 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с. Дугулубгей, ул. Кирпичная, 79. В федеральном розыске: мера пресечения-арест, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский».

9. Гукетлов Тенгиз Исуфович, 03. 07. 1983 г.р., КБР, с.Кенже, ул.Ахохова, д. 1, прож. г.Баксан, ул. Иванченко, д. 2. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский».

10. Жанов Ислам Аланович, 20. 02. 1991г.р. Зарегистрирован г. Баксан, ул. Бижарова, д.107. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский».

11. Берхамов Астемир Мусович, 02. 12. 1989 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Баксан, ул.Чемазокова, д. 27. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский».



12. Шериев Астемир Аланович, 11. 06. 1991 г.р., зарегистрирован: г. Баксан, ул. Ногмова, 50. В федеральном розыске, мера пресечения - подписка о невыезде инициатор розыска МО МВД России «Баксанский».

13. Тишков Мурат Назирович, 19. 08. 1987 г.р., зарегистрирован: КБР, г. Баксан, пер. Школьный, 8. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский».

14. Оршокдугов Заурбек Хусейнович, 07. 01. 1984 г.р., зарегистрирован г. Баксан, ул. Баксанская, 63. В федеральном розыске, мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский»

ОМВД России по Зольскому району - 1



15. Озов Музарин Аликович, 15. 04. 1982 г.р., КБР, г.Баксан, ул. Дымова, д. 23. В международном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Зольскому району.

ОМВД России по Эльбрусскому району - 5

16. Беккаев Аслан Назирович, 31. 05. 1971 г.р., КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус, д. 1, кв. 25. В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Эльбрусскому району.

17. Атмурзаев Бузджигит Хасанович, 25. 06. 1979 г.р., КБР, Эльбрусский район, с. Кенделен, ул. Бештокова, 10. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Эльбрусскому району.

18.Хандохов Арсен Хажмусович, 15. 06.1973 г.р., КБР, Эльбрусский район, г. Тырныауз, ул. Эльбрусский, 8/52. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Эльбрусскому району.

19. Лиев Залим Хасанович, 06. 05. 1983 г.р., зарегистрирован по адресу: Эльбрусский район, г. Тырныауз, ул. Мусукаева, 4, кв 1. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Эльбрусскому району.

ОМВД России по Чегемскому району - 6

20. Жанимов Алим Хасанбиевич, 01. 02. 1978 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с.Дугулубгей, ул. Пушкина, 7, проживал по адресу: КБР, Чегемский район, с. Нартан, ул. Клишбиевская, 30. В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.



21. Жириков Аслан Аниуарович, 13. 12. 1976 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 76. В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

22. Жириков Арсен Аниуарович, 15. 09. 1974 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 130, д.76. В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

23. Биттиров Эльбрус Хизирович, 15. 08. 1970 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Чегем-2, ул. Степная, 47. В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

24. Факов Хасанби Хажмуридович, 16. 07. 1979 г.р. зарегистрирован по адресу: КБР, с. Дугулубгей, ул. Краснознаменная, д. 17. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

25. Ортанова Ирина Ахмедовна, 18. 01. 1989 г.р., г.Нальчик, ул. Строителей, д. 8, кв. 113. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

УФСБ России по КБР - 4

26. Шекихачев Тимур Анатольевич, 19. 08. 1972 г.р., КБР, с.Дейское, ул. Мальбахова, д. 135, кв. 3. В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УФСБ России по КБР.

27. Кавдинов Рафаэль Анатольевич, 29. 10. 1980 г.р., зарегистрирован КБР, с. Терекское, ул. М.Терек, б/н. В федеральном розыске: без меры пресечения, инициатор розыска УФСБ РФ по КБР.

28. Энеев Артур Музафарович, 08. 08. 1988 г.р., зарегистрирован: КБР, г. Тырныауз, ул. Баксанская, д. 16, кв. 19. В федеральном розыске: без меры пресечения, инициатор розыска УФСБ РФ по КБР.

29. Тилов Асланби Ибрагимович, 1983 г.р., п. Эльбрус, ул. Мусукаева, 17. В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска УФСБ РФ по КБР.

Уважаемые жители республики!

Если вы располагаете какой-либо информацией об указанных лицах, просьба незамедлительно сообщить в дежурную часть МВД по КБР по телефонам: **40-49-10, 49-53-02, 72-09-36, 8 9380692 17 98.** За значимую информацию о местонахождении разыскиваемых лиц назначено денежное вознаграждение. Строгая конфиденциальность гарантируется.

Натхъуэ Бейбэрс

Джатэгъэжь Инал

Натхъуэмрэ Джатэгъэжьымрэ «Рубин»-р ягъэкІуатэ

● Ди гъахэгъуэгъ

Европэм и лигэм футболымкІэ и зэхьэзэхуэр Къэзан и «Рубин»-м екъуІэныгъэкІэ къыщІидзащ. Абы хэлъхьэныгъэфІ хуащІащ Натхъуэ Бейбэрсэр Джатэгъэжь Инал.р.

ТЭТЭРСТАНЫМ и командэ нэхъыщхьэм щыджэгу адыгэ щІалэхэр жьыджэру хэтащ Европэм и лигэм хьыхьэу иджыблагъэ щІэзыдза зэхьэзэхуэм. «Рубин»-м япэу хьэрхуэрэгъу кьыхуэхьуа «Ягодина»-м и пэщІэдзэ зэІущІэм къэзадэхэр 3:2-уэ Сербием щытекІуащ. ХьэщІэхэм дагъэкІа топхэм языхэзыр кьызэхъуІар Натхъуэ Бейбэрсщ.

Тхьэмахуэ дэкІри, етІуанэ зэІущІэрекІуэкІащ. Абы япэу «Рубин»-м и фацэр щыгъыу къыщихьащ гъуащхьэхъумэ Джатэгъэжь Инал. Ар и къалэнхэ фІы дыдэу пэлъэщащ икІи «Ягодина»-м и гъащхьауэ зэрэзыІэщІигъэкІаеныр. Аратн, къэзадэхэр етІуанэ зэІущІэми 1:0-уэ щытекІуэри, Европэм и лигэм екъэІа зэхьэзэхуэм и етІуанэ къекІуэкІыгъуэм хьыхьащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Футбол

Іэмал псори къагъэсэбэпакъым

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщІидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм бжыгпэр щызыІыгъ «ЛогоВАЗ»-м тхьэмахуэ и пэкІэ лъэщІыхьа «Кэнжэм» якъукъуэкІа Іэмал гуэззэщхэр кьигъэсэбэпакъым.

ПАШЭНЫГЪЭР зыугэзышну тегушхуа кэнжэдэсхэм Шэрэрдж Ищхьэрэ кьуажэкм удынышхуэ щахьащ. Абыхэм я гъэм кьыдагъэкІа топитхум ящыщу плІыр зейр «Къэбэрдейм» и гъуащхьауэ Жабэтыр Ратмирщ. Аращ мы гъэм нэхъыбэ дыдэрэ кьыхэжанакьІари - 26-рэ.

А махуэ дыдэм бабугентдэхэм я стадионым Налшык икІа «ГидроЭС»-р щыхагъэщІащ. Абы Іэмал кьаритащ бжьыпэр я зажьуэу яубыджьыну.

Пашэныгъэм щІэбэнхэм кьахьхьащ «Бахъсэныр». Абы Щхьэлыкъуэ икІахэр хигъэщІащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и епщыкІубгъуэмэ зэхьэзэхуэхэр ящыщхьэуар. **«Шэрдий»** (Налшык) - **«Тэрч»** (Тэрч), **«Велес»** (Къэрэгъэщ) - **«Нарт»** (Нартхьалэ) зэІущІэр нэхъ иужьыІуэкІэ ягъэІэпхъуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, фыщыдгъэгъуэзэнщ адрейхэм кьаурикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **1:0**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«ГидроЭС»** (Налшык) - **3:1**, **«ДЕР»** (Щхьэлыкъуэ) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **2:5**, **«СК-Союз-Сэрмакъ»** (Сэрмакъ) - **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **3:2**, **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **1:3**, **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **2:3**, «Къэбэрдей» (Шэрэрдж Ищхьэрэ) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **5:2**.

ХЬЭТАУ Исльам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «ЛогоВАЗ»	**19**	**15**	**1**	**3**	**48-28**	**46**
2. «Бахъсэн»	**19**	**14**	**1**	**4**	**80-38**	**43**
3. «Кэнжэ»	**19**	**14**	**1**	**4**	**52-31**	**43**
4. «Къэхъун»	19	11	4	4	44-32	37
5. «ГидроЭС»	19	11	2	6	33-22	35
6. «Автозапчасть»	19	10	2	7	46-39	32
7. «Спартак-Д»	19	9	5	5	49-33	32
8. «Шэджэм-2»	19	8	4	7	38-46	28
9. «Къэбэрдей»	19	8	3	8	44-46	27
10. «Прохладнэ»	19	7	6	6	29-20	27
11. «Велес»	18	5	6	7	32-34	21
12. «Эльбрус»	19	6	2	11	35-45	20
13. «Нарт»	18	5	4	9	29-39	19
14. «Исльэмей»	19	5	3	11	34-39	18
15. «Щагъэлъагъуэ»	18	4	4	10	34-48	16
16. «СК-Союз-Сэрмакъ»	**19**	**4**	**2**	**13**	**26-58**	**14**
17. «Тэрч»	**18**	**4**	**1**	**13**	**43-67**	**13**
18. «ДЕР»	**19**	**2**	**3**	**14**	**27-58**	**9**

Бахъсэн и спортсменхэм я медалих

● Бокс

Краснодар крайм хьыхьэ ТІуэпсы (Туапсе) къалэм бокслмкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэр щекІуэкІащ.

АБЫ зи зэфІэкІ щызыгъэльэгъуахэм ящыщу Бахъсэн къалэ зэт олимп резервхэр щагъэхьэзыр сабий-ныбжьыщІэ спорт школ №2-м и гъэсэнхэри. Спортсменхэм яхэтхьы медальныщэу къэна. Абыхэм дыщэу 2, дыжьыну 4 къыздащащ.

Джэрыджэ Ибрэхьимрэ (кг 52-рэ) Хьэщпакъ Эдуардрэ (кг 50) я хьэрхуэрэгъуэхэр хагъащІэри, дыщэ медалхэр кьахьащ. Хэжь Астемиу (кг 44-рэ), Гъубжокъуэ Исльам (кг 48-рэ), Бещто Аслъан (кг 63-рэ), Нэгъуей Мартин (кг 80 хьэльагъым нэс) сымэ етІуанэ увыпІэр яубыдащ.

Спортсменхэм ядолажьэ категорие нэхъыщхьэ зиІэ тренер Бахъсэн Нурмухьэмэд, спортым и мастерэу Тхьэмокъуэ Альбертрэ Чымэзокъуэ Аэзмэтрэ.

ТЭІЭЩ Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖЬэКІымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэныщаж Замир, Хьэжьыкъэр Алик, ЩхьэщІымыщІ Иэ.**

КьыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и ЩІ, 51, ЕтІуанэ, ешІапІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-42-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жьыгъуэмрэ лъэныкъуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэм Іуэхущапхъэм ядолажьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапхъэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм якъыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэу щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ пщэ дэльщ КъБР-м федеральэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапхъэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудзэ ДыщэкІ Соня, редактору ЖылаСэ Маритэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Азэмэт *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дЭлъыкьуэгъу Мыръэкъан ФатІимэ. *КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэр сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.178 ● Заказ №1945